

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab IV bisa dicindekkeun opat hal ieu di handap.

- 1) Kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pangandaran taun ajaran 2023-2024 saméméh ngagunakeun stratégi pangajaran diférénsiasi kaasup kana katégori “kurang” kalawan peunteun rata-rata siswa 62,13, ari sabada ngagunakeun stratégi pangajaran diférénsiasi kagolong kana katégori “hadé” kalawan peunteun rata-rata siswa 80,22. Katitén ningkatna peunteun rata-rata siswa pretés jeung postés ngaronjat 18,09 poin. Aspék anu dipeunteun ngawengku basa loma, basa lemes keur ka sorangan jeung basa lemes keur ka batur. Tina jumlah 30 soal, sanggeus dipeunteun téh jumlah skor awal basa loma 321 ngaronjat jadi 350, jumlah skor awal basa lemes keur ka sorangan 501 ngaronjat jadi 655, sarta jumlah skor awal basa lemes keur ka batur 372 ngaronjat jadi 504;
- 2) Kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pangandaran taun ajaran 2023-2024 saméméh ngagunakeun stratégi pangajaran konvésional kaasup kana katégori “kurang” kalawan peunteun rata-rata siswa 60,81, ari sabada ngagunakeun stratégi pangajaran konvénisional kaasup kana katégori “kurang” kalawan peunteun rata-rata siswa 66,19. Katitén ningkatna peunteun rata-rata siswa pretés jeung postés ngan ukur ngaronjat 5,38 poin. Aspék anu dipeunteun ngawengku basa loma, basa lemes keur ka sorangan jeung basa lemes keur ka batur. Tina jumlah 30 soal, sanggeus dipeunteun téh jumlah skor awal basa loma 302 ngaronjat jadi 313, jumlah skor awal basa lemes keur ka sorangan 494 ngaronjat jadi 530, sarta jumlah skor awal basa lemes keur ka batur 378 ngaronjat jadi 443;
- 3) Aya bédha anu signifikan ningkatna kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMPN 1 Pangandaran taun ajaran 2023-2024 anu ngagunakeun stratégi pangajaran diférénsiasi jeung anu ngagunakeun stratégi pangajaran konvénisional, bisa katitén tina hasil uji hipotésis yén nilai Sig. (2-tailed) nyaéta

- 0,000. Nilai Sig.(2-tailed) leuwih leutik tina 0,05 atawa 0,000 < 0,05, ku kituna  $H_0$  ditolak jeung  $H_a$  ditarima. Bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan ningkatna kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMPN 1 Pangandaran anu ngagunakeun stratégi pangajaran diférénsiasi jeung anu ngagunakeun stratégi pangajaran konvénisional. Hartina stratégi pangajaran diférénsiasi dina materi ajar tatakrama bisa ngaronjatkeun kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda di kelas VII SMP Negeri 1 Pangadaran tibatan stratégi pangajaran konvénisional;
- 4) Hasil angkét nuduhkeun yén siswa leuwih babari ngarti diajar tatakrama basa Sunda maké stratégi pangajaran diférénsiasi kalawan jumlah siswa nu ngajawab satuju (53%) jeung satuju pisan (41%); saluyu jeung kasiapan diajar siswa kalawan ngajawab satuju (56%) jeung satuju pisan (38%); saluyu jeung minat diajar siswa kalawan ngajawab satuju (63%) jeung satuju pisan (31%); saluyu jeung gaya diajar siswa kalawan ngajawab satuju (53%) jeung satuju pisan (47%); diajar tatakrama basa ngagunakeun stratégi pangajaran diférénsiasi jadi teu hésé kalawan ngajawab satuju (41%) jeung satuju pisan (56%); diajar basa Sunda jadi pikaresepeun kalawan ngajawab satuju pisan (78%) jeung satuju (22%); jadi apal kana tatakrama basa Sunda kalawan ngajawab satuju pisan (59%) jeung satuju (41%); jadi bisa ngalarapkeun tatakrama basa Sunda dumasar kana ragam basana kalawan ngajawab satuju pisan (50%) jeung satuju (41%); sarta diajar tatakrama basa Sunda ngagunakeun stratégi pangajaran diférénsiasi jadi pikaresepeun kalawan ngajawab satuju pisan (53%) jeung satuju (38%).

## 5.2 Implikasi

Stratégi pangajaran diférénsiasi dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kaweruh ngagunakeun tatakrama basa Sunda. Dilarapkeunana ieu stratégi pangajaran diférénsiasi téh saluyu jeung karakteristik, potensi ogé kabutuhan diajar siswa sangkan bisa ngahudang karep, karesep jeung kadariaan siswa dina diajar matéri tatakrama basa Sunda. Dina prak-prakanana, ieu stratégi pangajaran diférénsiasi bisa nyumponan kabutuh diajar unggal siswa, lantaran léngkah munggaran dina ieu stratégi maluruh kondisi siswa ku cara ngalakukeun asésmen diagnostik kognitif jeung non kognitif, anu satulunya dikelompokkeun dumasar kasiapan diajar, gaya

diajar jeung minat diajarna. Pancén guru jadi fasilitator pikeun nyumponan kabutuhan diajar unggal siswa. Ku cara kitu, siswa bisa leuwih mekarkeun ogé ngébréhkeun pamadegan jeung kamampuhna.

### **5.3 Rékoméndasi**

Dumasar kana kacindekan tina hasil panalungtikan di luhur, ditepikeun sababaraha rékoméndasi saperti ieu di handap.

- 1) Stratégi pangajaran diférénsiasi leuwih punjur tibatan stratégi pangajaran konvénisional dina raraga ngaronjatkeun kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda. Ku kituna, stratégi pangajaran diférénsiasi bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina nepikeun materi ajar tatakrama basa Sunda;
- 2) Stratégi panagajaran diférénsiasi bisa ogé dimangpaatkeun pikeun nepikeun matéri séjénna, henteu kawatesanan ku matéri kabasaan;
- 3) Stratégi pangajaran diférénsiasi, upama rék digunakeun, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun nyaéta; leuwih taliti dina ngaidéntifikasi kabutuhan diajar siswa, jeung ngelompokeun siswa dumasar kana kabutuhan diajarna boh kasiapan diajar boh gaya diajar ogé minat diajarna, leuwih asak dina ngararancang modul ajar ngagunakeun stratégi pangajaran diférénsiasi.